



Pou Piblikasyon Imedya: 15/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN YON LEJISLASYON POU RANFÒSE MENDÈV SWEN SANTE A

***Lejislasyon (A3076-A/S447-C) pèmèt etidyan enfimyè yo konplete jiska yon tyè nan fòmasyon klinik yo atravè eksperyans similasyon***

***Lejislasyon an pral akselere fòmasyon pou ede abòde pwoblèm mank enfimyè a epi ap amelyore swen pou Nouyòkè yo***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te siyen lwa (A3076-A/S447-C), ki ranfòse mendèv swen sante New York la lè li pèmèt etidyan enfimyè yo konplete jiska yon tyè nan fòmasyon klinik yo atravè eksperyans similasyon. Fòmasyon similasyon an, ke Depatman Edikasyon Eta New York la sipèvize, bay elèv yo eksperyans pratik nan anviwònman klinik yo pandan l ap pèmèt pwogram edikasyon enfimyè yo ofri plis opsyon pou edikasyon klinik. Kòm New York ap fè fas ak yon mank enfimyè nan moman an, elají eksperyans similasyon ka ede akselere fòmasyon ak pote plis enfimyè kote yo pi bezwen yo.

"Enfimyè nou yo te presye anpil pou sistèm swen sante nou an, espesyalman pandan tout pandemi an, men twò souvan yo santi yo travay twòp nan fè travay yo renmen an, sa ki te sèlman amplifye akòz mank enfimyè nan moman an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè pou m siyen lejislasyon k ap ranfòse mendèv swen sante nou an nan akselere fòmasyon epi pèmèt enfimyè ki gen plis kapasite antre nan mendèv la pou amelyore swen pou tout moun epi kreye yon New York ki pi an sekirite ak pi an sante".

Lejislasyon (A3076-A/S447-C) pèmèt jiska yon tyè fòmasyon klinik nan pwogram sètifikasi ak diplòm syans enfimyè yo fèt atravè eksperyans similasyon. Sa pral rann edikasyon enfimyè pi aksesib, sa k ap ede abòde pwoblèm mank enfimyè New York, ki prevwa atenn nesesite yon mendèv ki nan apeprè 40,000 anplwaye jiska 2030.

Fòmasyon ki nesesè pou vin yon enfimyè trè kalifye nan New York egzije plasman klinik nan yon lopital, epi jiskaske elèv yo fini plasman sa yo, yo pa ka resevwa lisans enfimyè yo epi rantre sou mache travay la. Otorize plis fòmasyon simile pral pèmèt pwogram enfimyè yo ogmante kapasite yo pou fòme etidyan ki anvi vin enfimyè, abòde mank lan, epi asire bon jan kalite swen pou plizyè milyon Nouyòkè. Anplis New York, fòmasyon similasyon gwo teknoloji ak kalite siperyè deja an plas nan 31 eta.

**Senatè Eta, Toby Ann Stavisky, te deklare**, "N ap pale sou zafè mank de enfimyè a pandan plizyè ane epi kounye a nou finalman ap fè yon bagay sou sa. Lè nou itilize teknoloji pou simile fòmasyon klinik, nou pral gradye yon novo jenerasyon enfimyè ki resevwa fòmasyon nan New York avèk eksperyans pratik. Kounye a, pwogram enfimyè yo ap refize kandida ki kalifye. Avèk lejislasyon sa a, New York pral rejwenn 31 lòt eta pou pèmèt eksperyans similasyon. Raman mwen te wè inanimite konsa sou yon pwojè lwa. Lwa sa a se rezulta yon kolaborasyon ant tout pati ki konsène yo: Gouvènè Kathy Hochul, Manm Asanble Donna Lupardo ak Pat Fahy, lidè lejislatif ak anplwaye yo, Rektè CICU, SUNY ak CUNY ak SED".

**Manm Asanble Donna Lupardo te deklare**, "Nan otorize pou jiska yon tyè nan fòmasyon klinik yo baze sou similasyon, sa pral ede abòde pwoblèm mank enfimyè nan New York, pandan I ap ekspoze etidyan yo a yon eksperyans aprantisaj pratik ki gen anpil valè. Mwen te obsève fòmasyon sa yo nan Fakilte Syans Enfimyè Decker (Decker College of Nursing) nan Invèsite Binghamton, epi mwen te enpresyone nan jan similasyon dènye kri yo kapab parèt reyèl. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè a paske li siyen lejislasyon sa a, Senatè Stavisky pou patenarya li, ak defans anpil moun ki gen ladan Rektè SUNY King, Rektè CUNY Matos-Rodriguez ak CICU".

**Komisè pa Enterim Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare**, "Lejislasyon sa a pral ajoute enfimyè ki pi kalifye epi ki pare pou pratique sou mache travay swen sante a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li montre yon lòt fwa ankò angajman li pou sante nan kominate nou yo ak pou amelyore kondisyon pou moun ki dedye a swen pasyan nan tout Eta New York, epi mwen remèsye Senatè Stavisky ak Manm Asanble Lupardo paske yo sipòte pwojè lwa a".

**Rektè Konsèy Administrasyon an, Lester W. Young, Jr., te deklare**, "Enfimyè yo se pwofesyonèl swen sante devwe, vital ki sèvi kèk nan popilasyon ki pi vilnerab nou yo. Konsèy Administrasyon an pran angajman pou I fè tout sa li kapab pou ede soulaje mank enfimyè ki antrave sistèm swen sante nou an avèk politik pou amelyore ak ranfòse edikasyon klinik pou prepare plis enfimyè alavni pou sitiyasyon reyèl ki sove lavi".

**Komisè Edikasyon Eta a, Betty A. Rosa, te deklare**, "Premye priyorite nou se toujou pwoteksyon publik. Nou te travay nan tèt kole ak pati konsène yo sou lejislasyon enpòtan sa a pou asire ke eksperyans similasyon bon jan kalite nan pwogram edikasyon enfimyè yo defini byen klè pou prepare etidyan enfimyè yo pou pratik san danje, efikas nan nivo debitán. Nou rekonesan anvè Gouvènè a ak Lejislati a pou kolaborasyon yo ak volonte yo pou asire ke similasyon klinik yo itilize yon fason awopriye ak responsab, bay enfimyè nou yo pi bon edikasyon posib epi priyorite sekirite publik".

**Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare**, "Mwen felisite Gouvènè Kathy Hochul paske li sipòte fòmasyon pwochen jenerasyon enfimyè New York yo lè li siyen lwa enpòtan sa a. SUNY gen plis pase 70 pwogram enfimyè atravè sistèm nou an, men anpil nan etidyan yo gen difikilte pou jwenn yon bon kalite plasman klinik toupre

invèsite yo. San ase plasman klinik bon jan kalite, pwogram enfimyè atravè New York pa kapab elaji pou satisfè demann k ap ogmante pou satisfè bezwen enfimyè eta a. Mwen ta renmen remèsyé patnè nou yo nan CICU, CUNY, ak Depatman Edikasyon Eta New York dèské yo travay ansanm pou rezoud mendèv ijan sa a ak defi swen sante".

**Rektè CUNY an, Félix V. Matos Rodríguez te deklare**, "New York kontinye bezwen plis enfimyè ki kalifye, ki sètifye epi pwojè lwa similasyon enfimyè a pral pèmèt etidyan enfimyè yo antre sou mache travay la pi vit san yo pa sakrifye fòmasyon solid yo. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak lidè lejislatif yo pou mezi sansib sa a pou soulaje mank kritik enfimyè nan eta a epi fè etidyan enfimyè CUNY yo antre sou mache travay swen sante kote yo bezwen yo anpil".

**Prezidan Komisyon Fakilte ak Invèsite Endepandan (Commission on Independent Colleges and Universities) yo, Lola W. Brabham, te deklare**, "Mèsi Gouvènè Hochul pou lidèchip ou ak paske w aji byen vit pou siyen lwa esansyèl sa a. Se yon etap enpòtan pou abòde pwoblèm mank enfimyè New York la epi nou rekonesan anvè Lejislati a ak patnè fòmidab nou yo nan SUNY, CUNY, ak Depatman Edikasyon Eta New York pou kolaborasyon sere yo sou lejislasyon sa a. Nou gen anpil chans pou nou gen yon gouvènè ki bay edikasyon siperyè valè, ki gen yon angajman inebrianlab pou envesti nan avni mendèv New York la, epi ki konprann edikasyon siperyè, publik kou prive, ap devlope pwochen jenerasyon antreprenè, edikatè, ak pwofesyonèl swen sante ke Eta nou an bezwen".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418